



Pou Piblikasyon Imedya: 22/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ANILASYON FRÈ LISANS POU KILTIVATÈ KANABIS YO

*Konsèy Kontwòl Kanabis la vote pou anile frè lisans pou dezan*

*Konsèy la apwouve 114 nouvo lisans, sa ki pote total lisans pou adilt itilize yo nan 223 ane sa a*

*Anvan twazyèm anivèsè legalizasyon an, New York kounye a gen 88 dispansè ki gen lisans, kote gen plis magazen ki pral ouvri nan tout eta a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Kontwòl Kanabis (Cannabis Control Board, CCB) Eta New York la te vote pou anile frè lisans pou dezan pou Kiltivatè Kondisyonèl pou Adilt Itilize yo. Anplis de sa, Konsèy la apwouve 114 nouvo lisans, ki gen ladan 45 nouvo lisans dispansè vant an detay ak 31 lisans mikwobiznis Nan twazyèm anivèsè legalizasyon an k ap pwoche a, New York gen kounye a 88 dispansè ki gen lisans, ak plis magazen ki pral ouvri nan tout eta a. Jiskaprezan, yo te bay 223 lisans an 2024 sèlman.

"Agrikiltè New York yo se kolòn vètebral eta nou an epi n ap asire fèm fanmi yo atravè New York k ap konstwi endistri kanabis nou an gen yon chans reyèl pou yo reyisi," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te fè klè ke Eta New York bezwen bay plis lisans pou dispansè ak rekòmanse lavant kanabis nan New York, epi pwomès dezan sa a bay Kiltivatè Kondisyonèl pou Adilt Itilize yo pral asire ke kiltivatè sa yo ka rekòlte avantaj endistri k ap grandi sa a."

Egzansyon frè a aplikab pou dispansè k ap fè tranzisyon nan kalite lisans ki pa kondisyonèl, ki gen ladan lisans kiltivasyon ak lisans mikwobiznis Frè pou moun ki gen lisans kiltivatè kondisyonèl yo varye ant 4,500 dola jiska 40,000 dola selon nivo lisansye a ak gwosè tant lan.

Konsèy Kontwòl Kanabis (CCB) la te bay 114 lisans, kote 45 ale pou aplikan ki t ap chèche ouvri yon dispansè vant an detay epi 31 lòt te ale nan aplikan ki t ap chèche opere yon lisans mikwobiznis ki pèmèt yon lisansye grandi, trete, distribiye ak vann tout sa yo anba yon sèl lisans. CCB te apwouve tou premye 38 lisans kanabis pou adilt ki pa

kondisyonèl pou antreprenè ki te aplike pandan fenèt aplikasyon 2023 ki [te louvri 4 oktòb la](#).

**Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, Chris Alexander, te deklare,** "Mache kanabis Eta New York la ap avanse nan bon direksyon, epi lè nou anile frè lisans pou dezan, n ap asire kiltivatè kondisyonèl yo gen yon chans pou yo rekòlte rekonpans endistri k ap grandi sa a. Pandan n ap make twa ane legalizasyon kanabis pou adilt yo nan Eta New York, nou pa ka tann pou nou wè pwochen chapit istwa kanabis nou an."

**Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright, te deklare,** "Jodi a, mache nou an fè yon pa anplis nan konstwi yon mache konpetisyon, chwa, ak ekite avèk emisyon plis pase yon santèn lisans kanabis pou adilt. Konsèy Kontwòl kanabis isit la pou ede mache sa a grandi ak pwospere nan fason nou tout konnen posib, epi nou pa ka tann pou bay plis lisans sa yo nan reyinyon k ap vini yo."

Aplikasyon yo te apwouve pou lisans pou vann an detay ak mikwobiznis jodi a se moun ki te soumèt aplikasyon yo anvan dat limit 17 novanm lan epi ki gen yon lokal espesifik anba kontwòl yo. Lisans adisyonèl pou moun ki te aplike nan dat limit 17 novanm lan, ak pou aplikasyon ki te aplike nan dat limit 18 desanm, yo pral bay sou yon baz kontinyèl nan reyinyon CCB nan kèk mwa k ap vini yo. Biwo a prevwa yon gwo kantite aplikasyon pral pare pou apwobasyon Konsèy Administrasyon an nan reyinyon CCB ki gen pou fèt apre yo.

Anplis lisans sa yo te bay, Konsèy Kontwòl Kanabis la te vote tou pou renouvle pèmi pou 17 laboratwa tès kanabis. Laboratwa tès sa yo enpòtan anpil pou siksè mache legal kanabis la paske yo ede asire ke pwodwi kanabis yo vann nan dispansè ki gen lisans yo teste pou kontaminan yo epi reflekte avèk presizyon pisans ki sou etikèt la.

Depi dènye reyinyon Konsèy Kontwòl Kanabis la an fevriye, 16 nouvo dispansè kanabis pou adilt te louvri pòt yo atravè Eta New York. Sa a se yon kontinyasyon vitès rapid ouvèti magazen yo depi desanm ki leve yon enjonksyon ki anpeche moun ki gen lisans kanaabis pou vann an detay yo louvri pòt yo.

Depi dènye reyinyon CCB a, dispansè vant an detay pou adilt yo te ouvri nan minisipalite sa yo:

- Cohoes, Konte Albany
- The Bronx, Konte Bronx
- Buffalo, Konte Erie (2)
- Amherst, Konte Erie
- Brooklyn, Konte Kings (3)
- Manhattan, Konte New York
- Utica, Konte Oneida
- Clay, Konte Onondaga
- Jamaica, Konte Queens

- Long Island City, Konte Queens
- Middle Village, Konte Queens
- Oakland Gardens, Konte Queens
- Mount Vernon, Konte Westchester

Gem yon lis konplè revandè ki gen lisans lavant kanabis lisansye ak operasyonèl pou adilt itilize nan New York [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)